

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngukur kamampu siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung dina pangajaran nulis biografi singget saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*. Sajaba ti éta, ieu panalungtikan pikeun meunangkeun gambaran yén média *movie maker* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget.

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho hasil anu signifikan ngeunaan kamampuh nulis biografi singget saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*. Tujuan tina unggal panalungtikan nyaéta pikeun ngabuktikeun hal-hal anu baris ditalungtik, anu dirumuskeun dina rumusan masalah panalungtikan. Aya tilu hal anu ditalungtik nyaéta kumaha kamampuh siswa dina nulis biografi singget saméméh ngagunakeun média *movie maker*; kumaha kamampuh siswa dina nulis biografi singget sabada ngagunakeun média *movie maker*; jeung naha aya béda anu signifikan antara hasil diajar siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*.

Kacindekan tina ieu panalungtikan nyaéta: (1) Dumasar kana data hasil tést awal aya 64% siswa can mampuh nulis biografi singget, sedengkeun dina data hasil tést ahir aya 11% siswa anu can mampuh nulis biografi singget. Upama nilik kana siswa anu geus mampuh nulis biografi singget, dina data hasil tést awal aya 36%, sedengkeun dina tést ahir aya 89% siswa geus mampuh nulis biografi singget. Jadi, aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis biografi singget tina hasil tést awal jeung tést ahir; (2) Ditilik tina kritéria meunteun karangan nulis biografi singget, anu ngawengku lima aspék nyaéta aspék eusi; aspék organisasi eusi; aspék tata basa; aspék gaya basa; jeung aspék éjahan. Aspék eusi tést awal 24% sedengkeun tést ahir 23%. Aspék organisasi eusi tést awal 20% sedengkeun

tés ahir 21%. Aspék tata basa tés awal jeung tés ahir stabil 19%. Aspék gaya basa tés awal 19% sedengkeun tés ahir 18%. Aspék éjahan tés awal 18% sedengkeun tés ahir 19%.

Cindekna, kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung dumasar kana hasil tés saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker* kaasup ngaronjat; (3) Ayana béda anu signifikan antara kamampuh nulis biografi singget saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*. Ieu hal bisa katitén tina uji gain tés awal nyaéta 70,78 sedengkeun uji gain tés ahir 81,89. Jadi, rata-rata gainna nyaéta 11,11; jeung (4) Uji hipotésis ngahasilkeun  $t_{itung} \geq t_{tabel}$  nyaéta  $10,62 \geq 2,42$  hartina yén hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_o$ ) ditolak. Ieu hal nuduhkeun yén média *movie maker* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget ka siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung.

## 5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu diébréhkeun ku panalungtik pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget, nyaéta:

- 1) média *Movie Maker* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget. Ku kituna, ieu média bisa jadi salasihiji alternatif média dina pangajaran nulis, hususna dina pangajaran nulis biografi singget;
- 2) panalungtik méré saran ka guru-guru basa Sunda sangkan ngagunakeun média pangajaran anu cocok pikeun nepikeun matéri, contona média *movie maker* pikeun méré stimulus tur siswa bisa kairut dina diajar basa Sunda;
- 3) pikeun siswa, salaku upaya pikeun ngaronjatkeun motivasi diajar siswa nalika diajar basa Sunda, antukna bisa ngaronjatkeun kamampuh hasil diajar;
- 4) kudu aya panalungtikan-panalungtikan séjén anu medar ngeunaan média *Movie Maker* anu langkung jembar deui ambahannana; jeung

- 5) ieu panalungtikan masih kénéh loba kakurangan, ku kituna panalungtik miharep ayana panalungtikan séjén ngeunaan nulis biografi bingget.